# TEXNOLOGIYA SABAQLARÍNDA BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍN KÁSIPKE BAĞDARLAW

**Berdibaeva Gúlziya Jeńisbaevna**

Ájiniyaz atındağı NMPI

Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası qánigeligi

1 basqısh magistrantı

**Annotaciya:** Maqalada, miynet tálimi sabaqları oqıwshılardı kásipke bağdarlaw jumısların ámelge asırıw ushın bólek imkaniyatlarğa iye. Oqıwshılardı kásipke bağdarlaw arqalı olardı miynetsúyiwshilikke tárbiyalaw hám miynetke, kásipke bağdarlaw haqında sóz etilgen.
**Gilt sózi:** baslawısh tálim, zamanagóy pedagogik texnologiya, miynet, metodika, social.

Búginge kúnde zaman talaplarına juwap beretuğın joqarı, tájriybeli, ğárezsiz pikirleytuğın, izleniwsheń, tırısqaq, dóretiwshi kadrlardı tayarlaw áhimeytli wazıypa. Bul processti ámelge asırıw úzliksiz tálimniń áhimeytli buwını bolğan ulıwma bilim beriw mekteplerinen baslanadı. Jaslardı miynet hám kásiplerdi qádirlewge úyretiw, social ómirde olardıń áhimeytin túsindiriw, kásip tiykarları haqqında bilim payda qılıw hám de mektep dáwirinen balağa kásiplik tayarlıqtı formalandırıw miynet tálimi páni oqıtıwshılarınıń tiykarğı wazıypasına kiredi.

I-IV klaslarda miynet birinshi zárúr sociallıq wazıypa ekenligin, hár qanday kásipti iyelew ushın bekkem hám tereń bilimler kerekligin oqıwshılarğa sińdiriw kerek. Oqıwshılar ele kásip tańlaw haqqında, kásip haqqında anıq oy-pikirge iye bomasada, olardıń qálew hám arzıwları turaqlı bolmasada, biraq áyne sol jasta kásiplik tárepten ózin tanıw búrtiklerine tiykar salınıwı, oqıwshığa sińdirilgen bilim hám kónlikpeler onıń yadında pútkil ómirge qalıwı múmkin. Birinshi klastan miynet qılıwğa qızıqtırıw, olar ushın keleshekte óziniń imkaniyatları, qábiletleri hám qızığıwshılıqların rawajlandırıw hám sol tiykarında kásip tańlaw ushın irge tası qurılıwı zárúr esaplanadı.

I-IV klass oqıwshıların texnologiya sabaqlarında kásipke bağdarlaw tómendegi wazıypalardı ámelge asırıw arqalı alıp barıladı.

- Balalarda túrli hám keń tarqalğan kásiplerge qızığıwdı rawajlandırıw hám oğan jaqsı múnásibetti sáwlelendiriw;
- Úlkenler miyneti, miynet nátiyjesi, miynet quralları haqqındağı kóz-qaraslardı bekkemlew;
- Oqıwshılarda miynet insan ómiriniń tiykarı ekenligin, miynetke hújdanıy múnásibette bolıwdı sáwlelendiriw;
- Miynet jámyette hám insan ómirinde zárúr áhimeytke iyeligin túsindiriw;
- Ata-anasınıń hám de basqa shańaraq ağzalarınıń túrli kásiplerge bolğan qızığıwshılığın rawajlandırıw. "Kásipler álemi" menen tanıstırıw;
- Oqıwshılarğa qaysı kásipti iyelewine qaramastan puxta hám tereń bilimge iye bolıw túsinigin sińdiriw;
- Oqıwshılardıń individual qábiletleri hám kónlikpelerin úyreniw.

Miynet tárbiyası hám kásipke bağdarlaw oqıwshılardıń keleshekte kásiplik ózligin ańlawı ushın tiykar bolıp xizmet qıladı.

Baslawısh klaslarda kásipke bağdarlaw jumısların oqıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alğan halda oyınlar arqalı shólkemlestiriw, olarda túrli kásiplerge bolğan dáslepki qızığıwshılıqlardı anıqlaw, sonıń menen esitken hám kórgen mağlıwmatların yadta saqlaw

hám qayta tiklewdiń ápiwayı hám quramalı operaciyaların, ulıwma oqıw, miynet hám kommunikativ kónlikpe hám tájriybelerdi rawajlandırıwdan ibarat.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Xoliqov " Pedagogik mahorat" - Toshkent Iqtisod-moliya-2011.
2. Gaynutdinova L.R. Boshlang„ich sinf o„quvchilarini kasb-hunarga yo„naltirishning psixologik omillari " Maktab va hayot" jurnali 2014.
3. Kasblar alifbosi. 1-4 sinflar uchun o„quv qo„llanma. – Toshkent Yurist media markazi 2008.
4. NOROV, I., & ISMOYIL, A. (2021). the Role of Modernity in the Formation of the Uzbek Language as the State Language. IT is a Mirror of the Existence of a Nation in the World His Life is in His Language and Literature"). JournalNX, 6(06), 773-775.